



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL FÈ PWOMOSYON POU ENDISTRI ERAB ETA NEW YORK LA PANDAN MWA ERAB LA

*Pwodiksyon siwo erab New York la te atenn yon nivo rekò 845,000 galon an
2022; li klase dezyèm nan nasyon an*

*Yo ankouraje Nouyòkè yo pou sipòte pwodiktè lokal yo lè yo patisipe nan wikenn
erab yo, 18-19 ak 25-26 mas, ak pwomosyon espesyal pandan tout mwa mas la*

Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou sipòte pwodiktè erab lokal pa yo. Gouvènè a te mete aksan sou evènman ak aktivite Wikenn Erab (Maple Weekends) New York k ap vini yo, ki pral fèt 18-19 ak 25-26 mas, ansanm ak lòt evènman espesyal ak pwomosyon pandan tout mwa a. Pwodiktè erab New York yo te eksperimante yon ane rekò an 2022, yo te pwodwi 845,000 galon siwo erab. Eta New York kontinye klase dezyèm nan nasyon an nan pwodiksyon erab.

"Pwodiksyon erab nan New York ap pwospere pandan endistri a ap kontinye etabli rekò ak klase dezyèm nan nasyon an nan rekò sikre sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye pwodiktè nou yo ki travay di pou fè pwodui erab ki bay bon gou, inovan, ak inik ke nou tout jwi, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo patisipe nan Wikenn Erab yo mwa sa a pou goute kèk nan atik klas mondyal ke machann lokal yo gen pou ofri."

Anplis klasman li pou pwodiksyon erab, New York se lakay pi gwo resous pyebwa erab ki kapab fè antay nan Etazini ak plis pase 2,000 fabrikasyon sik erab. An 2022, endistri erab New York te itilize 2.9 milyon antay, sa ki te egale rekò 2021 pou pi gwo kantite antay yo te itilize nan yon sèl ane. Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York la sipòte endistri erab la atravè Bidjè Eta New York la—ki gen ladann finansman pou pwogram pwomosyon ak edikasyon—epi tou atravè envestisman nan pwojè rechèch, tankou Arnot Teaching Forest nan Pwogram Erab Inivèsite Cornell la, ak atravè pwogram maketin Kiltive epi Sètifye Eta NY (NYS Grown & Certified) ak pwogram Goute NY (Taste NY) li yo.

Wikenn Erab yo

Pandan tout mwa mas la chak ane, epi, an patikilye, pandan wikenn 18-19 ak 25-26 mas yo, fèm erab atravè eta a ouvri pòt yo bay piblik la pou bay yon chans pou yo

goute bon jan kalite siwo erab, ki soti dirèkteman nan sous la, epi fè eksperyans tradisyon familyal inik nan fè siwo erab nan Eta New York. Pwodiktè, ki gen ladan anpil nan moun ki Kiltive & Sètifye NYS, ofri vizit ak dejene krèp, vann pwodwi siwo erab, epi demontre pwosesis kijan yo fè siwo a, ki gen ladan sistèm tradisyonèl kote yo pandye bokit nan pye bwa yo oswa metòd pwodiksyon pi modèn kote yo itilize aspiratè yo pou yo ogmante randman sèv nan chak pye bwa. Wikenn Erab yo an 2023 pral dewoule nan prèske 150 fèm pwodiktè erab, sa ki pral ranfòse touris agrikòl atravè Eta New York. Yon lis ou ka fè rechèch sou evènman Wikenn Erab yo disponib nan <https://mapleweekend.nysmaple.com/>.

Plis pase 40 pwodiktè erab patisipe nan Pwogram Kiltive & Sètifye nan Eta New York la ki verifye pwodiktè agrikòl ak kiltivatè New York yo ki respekte estanda sekirite pwodwi alimantè ak dirabilite anvivonnmantal yo. Jwenn yon lis pwodiktè erab aktyèl ki fè pati pwogram Kiltive & Sètifye NYS la nan <https://certified.ny.gov/wheretobuy>.

Pwomosyon Erab

Taste NY Markets New York la atravè eta a ap mete aksan sou pwodwi ak pwodiktè erab lokal inik yo pandan mwa mas la. Plizyè mache ap ofri espesyal, tankou 10% rabè sou tout atik erab nan Sant Dakèy Finger Lakes la, echantyon pwodwi espesyal nan Sant Dakèy Rejyon Kapital la ak Sant Dakèy Rejyon Lwès New York la, ak plis ankò. Jwenn yon lis mache toupre ou nan taste.ny.gov. Nouyòkè yo ka achte erab Eta New York tou nan konfò lakay yo sou [ShopTasteNY.com](https://shop.taste.ny.com), ki pral ofri espesyal ak livrezon gratis sou pwodwi erab yo pandan tout mwa a. Anplis de sa, Taste NY Markets pral selebre 'Erab an Foli' pandan wikenn 25-26 mas la. Rete branche sou rezo sosyal yo pou plis enfòmasyon sou pwomosyon echantyon espesyal yo ak kado wikenn sa a.

Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Gras a pwodiktè erab devwe nou yo, ki gen ladan sila yo ki nan pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York nou an, New York ap kontinye rete yonn nan pi gwo pwodiktè erab nan peyi a, ak chif pwodiksyon siwo ak kantite antay rekò nan istwa resan an. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo vizite yon fèm toupre yo pandan Wikenn Erab yo pou yo gouste kèk pwodwi ki gen bon gou epi jwi premye rekòt sezon an ke pwodiktè nou yo tèlman byen fè."

Direktris Egzekitif Asosiyasyon Pwodiktè Erab la, Helen Thomas te deklare, "Wikenn Erab 2023 ap apwoche byen vit! Ane sa a, Manman Lanati te pèmèt nou kòmansman bonè nan sezon erab la, kidonk anpil fèm deja gen anpil pwodwi erab disponib pou w pran echantyon. Pandan wikenn Erab yo, 150 sikreri erab atravè eta a akeyi vizitè yo pou yo fè eksperyans pèsonèl fason bon jan kalite siwo erab ak lòt pwodwi erab yo fèt. Vizitè yo ka jwi aktivite ki pratik pou fanmi yo epi gouste nouvo rekòt New York la dirèkteman nan sous la. Si tanperati a pi wo pase nivo jele jou ou vizite a, espere wè sèv soti nan pye erab la epi swiv li jis nan siwo nan dènye etap kuison an! Vizite mapleweekend.com pou planifye vizit ou yo!"

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)